

Gid
**pou fanm
refijye ayisyèn
nan Meksik**

Aksè dwa yo ak
pwosesis prensipal yo



Asylum Access México

Fonde an 2015, Asylum Access México (AAMX), A.C., travay atravè estrateji pou **defann ak ankou- raje dwa refijye yo ak konsantrasyon sou jistis konplèt, dwa moun ak dwa fanm yo**. Ak yon metodoloji ki baze sou otonomi ak patisipasyon sosyal, li fè pwomosyon pou moun ki bezwen pwoteksyon entènasyonal yo ka mande pwòp dwa yo. Asylum Access México se yon pati nan Asylum Access a nivo global.

Örganizasyon an gen sèt (7) biwo ki sitiye nan vil México, Palenque (Chiapas), Acayucan (Veracruz), Villahermosa ak Tenosique (Tabasco), Monterrey (Nuevo León), ak Tijuana (Baja California).

Sèvis Asylum Access México yo enkli:

-  Otonomi legal kominotè
-  Asistans legal endividyèl
-  Litij estratejik ak ensidans politik
-  Akonpayman pou integrasyon oubyen aksè pou dwa yo

Sèvis gratis epi konfidansyèl



Sèvis Asylum Access México yo konplètman gratis. Konseye legal ak integrasyon yo nou adopte mezi ki nesesè pou garanti sekirite ak konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl ou yo.



Nou respekte divèsite epi nou pa tolere okenn fòm diskriminasyon ki baze sou ras, reliyion, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, andikap oswa nenpòt lòt karakteristik.

Ruta de la Hospitalidad



Ruta de la Hospitalidad (Wout Ospitalite) a se yon inisyativ Asylum Access México k ap chèche **sipòte enklizyon travay, edikativ ak sosyal pou refijye yo nan peyi a nan fè alyans ak konpayi yo, enstitisyon publik yo, òganizasyon sosyete sivil yo ak moun endividyèl yo.**

Li se yon platfòm pou swete yo yon kokenn-chenn byenvini ak ede refijye yo pou yo ka jwenn aksè sou dwa yo, rebati lavi yo nan peyi Meksik epi reyalize yon integrasyon konplèt nan lavi ekonomik, sosyal ak kiltirèl.

Moun tankou refijye

Kisa yon estati kondisyon refijye ye?



Li se estati legal (jiridik) etranje yo ki te ranpli nòm pou rekònèt ak pwotege tankou yon moun refijye. Nan Meksik, pou jwenn estati sa a, li nesesè pou prezante soumèt yon aplikasyon nan Komisyon Meksiken pou Asistans Refijye (COMAR), ki pral kòmanse yon pwosesis pou detèmiène si moun nan bezwen pwoteksyon entènasyonal ou non.

Kisa yon moun refijye ye?

Se moun sa a ki oblige fòse kite peyi orijin li, paske li pa jwenn pwoteksyon nan men peyi l lan aprè li te fè fas ak nenpòt nan sitiyasyon sa yo:




Li gen yon krent byen fonde pou pèsekisyon pou rezon ras, reliyion, sèks, nasyonalite, opinyon politik oswa manm nan yon gwoup sosyal an patikilye.



Lavi, sekirite ak libète ke yo te menase akòz vyolans jeneralize, agresyon etranje, konfli entèn, vyolans masiv sou dwa moun oswa nenpòt sikonstans ki twoouble seryezman lòd publik.

Nenpòt moun ki nan yon sitiyasyon konsa konsidere kòm yon refijye e li gen dwa pou resevwa pwoteksyon entènasyonal, kèlkeswa si kondisyon sa a te rekònèt pa peyi destinasyon an ou non (kote li t'ap rive, ale).

Pwosesis pou yo rekonèt yon moun tankou refijye nan Meksik



Travay nan Meksik: Sa ou dwe konnen

Ou vle travay nan Meksik? Pran an kont bagay sa yo:



Pa janm peye pou w aplike pou yon travay, sa ka yon magouy.



Ou gen dwa gen yon kontra pou fòrmalize relasyon travay la. Ladann l li mansyone jou travay ou, salè, benefis ak lòt kondisyon.



Jounen travay ou pa ta dwe plis pase 48 èdtan pa semèn ak 8 èdtan chak jou.

Nòmalman, salè ke konpayi yo di yo pral peye w se "salè brit la", sa vle di tout kòb ou pral resevwa si konpayi an pa ta kenbe pou taks ou yo. Anvan ou aksepte yon travay, toujou konsidere ke salè brit la se pa kantite lajan reyèl ke ou pral resevwa epi mande ki salè nèt ou pral genyen pou ou pa fè sezisman, siprize lè yo peye w.



Ki dokiman konpayi yo pral mande w?

- Kat rezidans pèmanan oswa kat vizitan pou rezon imanité yo
- Kòd Rejis Popilasyon inik (CURP)
- Nimewo Sekirite Sosyal (NSS)
- Rejis Federal Moun k'ap peye taks, enpo (RFC)
- Fèy Aplikasyon travay oswa CV
- Kanè kote ou rete ki pa gen plis pase 3 mwa (li ka resi/bòdwo dlo, kouran, gaz, kay lan...)
- Kont bankè pou yo ka depoze salè w lan/kòb travay lan
- Ak lòt ankò



Fotografi: Gabriel Diamond



Sekirite Sosyal

Lè ou kòmanse yon istwa travay ak nенpòt konpayi atravè yon kontra ki gen ladann I benefis travay yo, konpayi an oblige afilye/mete ou ak Enstiti Meksiken Sekirite Sosyal (IMSS).

Pami benefis yo genyen: **resevwa swen medikal gratis, gen enkapasite /pa travay nan ka aksidan oswa risk nan travay, matènité, gadri pou manman ak papa k'ap travay pandan jounen an, ak lòt.** IMSS bay sèvis sante li nan Inite Medsin lafanmi yo; ou dwe enskri nan youn ki pi prè lakay ou ak tout manm fanmi ou k'ap viv avèk ou.

Sonje w ke ou ka jwenn aksè nan sèvis sa yo toutotan ou gen yon travay fòmèl, kote y'ap kanpe l si w ou p'ap travay ankò.

Prevansyon vyolans seksyèl ak vyolans ki baze sou sèks yon moun

Vyolans ki baze sou sèks refere a zak danjere ki dirije kont yon moun oswa yon gwoup moun akòz sèks yo. Li anrasinen nan inegalite sèks (pa gen menm dwa poutèt sèks ou), abi pouvwa, ak egzistans nòm danjere.

Vyolans ka sikolojik, fizik, ekonomik, eritaj, seksyèl, dijital, sosyal, senbolik, enstitisyonèl, pami lòt kalite vyolans. Diferant fòm vyolans yo ka kòmanse ak manifestasyon trè delika ki ogmante ak posiblite pou yo lakòz domaj fizik oswa emosyonèl ireparab (ki paka repare), e menm lanmò.



Si ou se yon sivivan nan kèk kalite vyolans ki baze sou sèks epi ou bezwen èd, gen divès òrganizasyon ki bay swen konplè epi konfidansyèl ak sèvis tankou: sipò sikolojik, konsèy legal, abri oswa espas resepsyon pou ou menm ak pitit ou yo, sante, sèvis, entèripsyon gwosès, elatriye.

Metòd planifikasyon pou pa fè pítit (Planin)

Metòd antifètilite (planin) sa yo disponib nan famasi yo, sant sante yo ak lopital piblik ak prive yo.

Li rekòmande pou w gen aksè a enfòmasyon syantifik ak akonpayman nan men pèsonèl sante ki kalifye, ki ka sipòte w ak kritè medikal yo pou w kapab chwazi pou rekòmande pou itilize kontraseptif chirijikal (tankou estirilèDIU, enplant, mare twonp ou oswa vazektomi) oswa òmon (grenn/konprime, plak oswa piki), ki pi byen adapte ak kondisyon sante patikilye w yo. Sonje ke metòd sa yo pa aplike (kapòt gason ak fi) pa mande pou rekòmandasyon sa yo.

Sèvis sante piblik bay aksè a diferan metòd antifètilite gratis, tankou:

- ▶ Kapòt pou gason/fi
- ▶ Aparèy estirilè ke ko mete nan matriz fi a òmon oswa ki pa òmon (DIU)
- ▶ Planin (nan ponyèt)
- ▶ Vazektomi/Metòd planin pou gason
- ▶ Mare twonp ou



Kontwòl prenatal pou fam ansent (anvan li akouche)

Si ou ansent, li trè enpòtan pou gen yon kontwòl prenatal, ki gen fonksyon se anpeche ak diminye risk ke yo ka detekte pandan gwo sès lan epi asire sante ou ak devlopman sante fetis la (timoun lan). Pou kòmanse ak kontwòl prenatal, ou dwe ale nan Sant Sante ki pi prè w lan, kote yon doktè jeneral pral revize istwa medikal ou epi aprè pral refere w yon swen espesyalize ak yon obstetrisyen (jinekolog) nan yon lopital nan eta kote w ye a epi li pral ba ou swen pandan nèf mwa k'ap vini yo.



Fotografi: Gabriel Diamond





Aksè a edikasyon pou ti gason, tifi ak adolesan yo

Nan Meksik, tifi, ti gason ak adolesan migran yo gen dwa pou yo resevwa edikasyon gratis kèlkeswa kote yo fèt oswa kote yo sòti. Gen twa nivo edikasyon debaz:

Lekòl matènèl, preskolè: 3 zan ak plis

Primè: 6 zan ak plis



Segondè: 12 zan ak plis

Ki pwosesis pou w kapab enskri?

1

Identifye lekòl ki pi prè ki koresponn ak nivo edikasyon ki entèrse w la.

2

Ale pou ka fè demann enskripsyon an. Yo pral mande w prezante dokiman tankou CURP, ak oswa bastitè ak sètifikasi etid anvan yo, sepandan, li pa obligatwa pou w prezante yo epi lekòl yo dwe pèmèt ou rantre menm si ane lekòl la te deja kòmanse.

Kontakte nou:

Foto sou kouvèti bwochi a:
Sandra Ten Zijthoff



@AsylumAccessMX / @RHospitalidadMX

AsylumAccessMX / RutadelaHospitalidad



www.asylumaccess.org/mexico



55 2672 5644